



Biwo Majistra pou  
Afè Imigran yo



# Konnen Dwa Ou ak **ICE**

---

Si ajan **ICE** (Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn) apwoche w, ou gen dwa!




**Kisa mwen ka  
fè si ICE nan  
pòt mwen?**



**Ou pa** oblige louvri pòt pou ICE oswa imigrasyon. Sonje **ou gen dwa** pou w rete an silans.

## Si ICE/Imigrasyon nan pòt ou:



**Dèyè pòt ki fèmen an**, ou ka mande yo kiyès yo ye epi mande yo pou montre badj yo, kat Idantite yo, oswa kat biznis yo atravè fenèt la, ti twou pòt la, oswa pase li anba pòt ki fèmen an.



Si ou konfime ke ICE/Imigrasyon nan pòt ou, mande si yo gen yon **manda jidisyè**

Yon manda jidisyè se yon papye yon jij siyen ki bay pèmisyon pou ICE/Imigrasyon fouye yon kote oswa arete yon moun.

**Si yo di NO, I do not have a warrant (NON, Mwen pa gen yon manda), ou pa oblige kite yo antre.**

Ou ka di,

**Si yo di Yes, I have a warrant (WI, Mwen gen yon manda), mande yo glise l anba pòt la**



"I do not want to speak with you."  
(Mwen pa vle pale avèk ou).



Si yon jij siyen dokiman an, ou pral bezwen konfòme w.

Si ICE ap chèche yon moun, **ou pa bezwen pale**. Si ou chwazi pou pale, ou ka mande ICE pou kite enfòmasyon kontak yo. Pandan ou pa bezwen di ICE kote moun nan ye, bay fo enfòmasyon mete ou an danje.



**Nan yon ijans**, tankou yon menas pou sekirite piblik oswa yon menas pou lavi yon moun, ICE ka antre san yo pa mande pèmisyon ou. Si sa rive, **ou gen dwa pou w rete an silans**.

# Kisa mwen ka fè si ICE anndan lakay mwen?

I do not consent to  
your search. (M pa  
dakò pou fouy ou a).



Si ICE antre lakay ou san pèmisyon w, ou ka di yo aklè: **"I do not consent to you being in my home. Please leave."** (**Mwen pa dakò ak prezans ou nan kay mwen. Tanpri, kite**). Di sa ka pa toujou sispann yo, men li ka ede nan nenpòt ka legal nan lavni.



Si ICE kòmanse fouye chanm oswa atik nan kay ou, ou ka di yo:  
**"I do not consent to a search."**  
**(Mwen pa dakò ak fouy ou a).**




Ou ka kontinye repete sa si yo kontinye fouy san konsantman. Ou ka fè yo konnen si gen timoun oswa lòt moun ki frajil nan kay ou.



**Ou ta dwe evite angaje nan yon batay fizik ak ajan lapolis.**

**Kisa mwen ka  
fè si ICE nan  
espas travay  
mwen?**



ICE ka antre nan **espas biblik** nenpòt travay san yo pa bezwen okenn manda.



**Espas biblik** yo ka gen ladan lobbi biwo, makèt, magazen rad, oswa zòn manje nan yon restoran.



ICE **pa ka** legalman antre nan **espas prive** yon plas travay san yo pa gen pèmisyon patwon w lan oswa yon manda jidisyè.



**Espas prive** yo se zòn sèlman pou anplwaye, ki ka gen ladann sal repo oswa sal depo nan yon travay.



**Nan yon ijans**, tankou yon menas pou sekirite biblik oswa yon menas pou lavi yon moun, ICE ka antre san yo pa mande pèmisyon ou. Si sa rive, **ou gen dwa pou w rete an silans**.



**Anplwayè yo** ka mande ICE pou montre idantifikasyon yo epi mande si yo gen yon manda jidisye

Kòm nan tout espas piblik, si ajan ICE apwoche w nan travay, **ou gen dwa pou w rete an silans** epi ou ka dirije yo bay patwon w la.



Kòm toujou, si ajan ICE eseye fouye pòch ou oswa afè w, ou ka di:  
**“I do not consent to a search.” (Mwen pa dakò pou yon fouy).**



Si yo fouye w de tout fason, ou pa ka fizikman anpeche yo, men di klèman ke w pa dakò ka enpòtan nan nenpòt ka legal nan lavni.



**Ou ta dwe evite angaje nan yon batay fizik ak ajan lapolis.**

**Kisa mwen ka  
fè si y ap  
kenbe oswa  
arete mwen?**



Sonje byen, ou gen dwa pou **rete an silans**.  
Ou gen dwa pou **pale ak yon avoka**.



Ou ka di ICE si ou gen **pwoblèm medikal** oswa si ou bezwen fè **aranjman pou swen timoun**.




Ajan ICE yo **ka pa pale lang ou preferé** a. Ou gen dwa pou mande yon entèprèt pou nenpòt konvèrsasyon ak ICE oswa nenpòt randevou oswa odyans yo ba ou. Ou ka di, **"I need an interpreter."** (**Mwen bezwen yon entèprèt**).



Ou gen dwa pou w pale ak yon avoka.  
Ou **pa bezwen siyen okenn dokiman** oswa **reponn okenn kesyon** anvan ou pale ak yon avoka.



Yon fwa yo te arete w, **w ap gen opòtinite** pou w fè apèl nan telefòn ak fanmi w, zanmi w, lidè kominotè w oswa avoka w.



Pandan ou nan detansyon, **ou ka resevwa vizitè**, tankou fanmi ou, zanmi ou, lidè kominotè ou, ak avoka ou. Remake byen, **chak prizon gen pwòp règ li** ke vizitè yo dwe revize davans.



Si ajan ICE ap eseye pale oswa arete ou, kòmanse oswa kontinye anrejistre ka mete ou an danje. Sepandan, **moun nan kominote a ka anrejistre ICE**, toutotan yo pa entèfere ak ofisyè yo.

**Ou ka pataje ak avoka w nenpòt odyo, videoyo, oswa nòt ekri sou arrestasyon ke ou oswa yon moun ki te temwen arrestasyon w genyen.**

**Pou plis enfòmasyon,**  
eskane kòd QR a



**Mayor's Office of  
Immigrant Affairs**

Liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Li pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

**Si ou oswa yon moun ou renmen ap riske depòtasyon, fè yon plan.**

1

**Eksplore opsyon legal ou yo. Pale ak yon avoka ou fè konfyans epi evite fwod.**

 **1-800-354-0365**

**Lendi jiska Vandredi, 9AM - 6PM**  
Entèpretasyon disponib

Nouyòkè imigran ki gen kesyon oswa enkyetid yo ta dwe rele Liy Asistans Legal Sipò pou Imigrasyon MOIA **pou enfòmasyon ak koneksyon ak asistans legal pou imigrasyon.**



Lwa sou imigrasyon se yon bagay konplike. Fè atansyon ak fwod legal imigrasyon oswa founisè ki bay fo pwomès

**Sonje byen:** Yon notè piblik ki pa yon avoka ki gen lisans pa ka ranpli oswa soumèt fòm imigrasyon pou ou. Yo pa dwe bay konsèy legal tou.



**Mayor's Office of  
Immigrant Affairs**

Liv sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Li pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou konsèy legal.

# 2

## Fè yon plan pou fanmi ou



**Chwazi yon kontak ijans epi memorize nimewo telefòn yo.** Yon kontak ijans ka yon moun ou fè konfyans – yon manm fanmi, zanmi, lidè kominotè, oswa yon avoka.




**Òganize dokiman ou yo** epi kenbe yo nan yon kote ki an sekirite kote kontak ijans ou ka gen aksè a yo.



**Chwazi yon gadyen pwovizwa: yon moun ou fè konfyans pou pran swen ptit ou si yo kenbe ou.** Gadyen pwovizwa a ap gen kapasite pou pran desizyon enpòtan sou timoun nan, tankou desizyon medikal oswa desizyon sou kote timoun nan pral lekòl.

Pou plis enfòmasyon,  
eskane kòd QR a



# **Nòt**

[www.nyc.gov/knowyourrights](http://www.nyc.gov/knowyourrights)

**Pou enfòmasyon ki pi ajou,**



- Mete kamera telefòn ou an sou kòd QR ki anba a epi kenbe fiks pou kèk segond.
- Tape notifikasyon ki parèt pou jwenn enfòmasyon an.

